



## Konsèy Sou COVID-19: LIVREZON AK RANMASAJ NAN FÈM-A-FÈM

Gid ak rekòmandasyon pou fèm yo te devlope pou ede fèm yo nan limite ekspozisyon ak risk ki gen rapò avèk COVID-19 (nouvo kowonaviris). Kòm toujou, li enpòtan pou pratique byo-sekirite pou pwoteksyon bêt, travayè ak piblik la. Kounye a li enpòtan pou konsidere tou fason pou limite kontak moun-a-moun e si nesesè -regwoupe ansekirite pandan wap kenbe distans sosyal.

### Planfikasyon & Pwosedi COVID-19

#### 1. Identife yon lokasyon pou depoze livrezon regilye yo oswa pou pran nan zòn ki gen gwo trafik yo ak lojman nan yon fèm.

- Bwat depo rekòmande pou yo mete l toupre wout la, anvan antre nan jaden an.
- Si yon bwat depo pa disponib, deziyen yon lokasyon pou depoze sou sit la.

#### 2. Kreye enstriksyon spesifik pou depoze livrezon oswa pou al chèche.

- Bay lokasyon ak tout pwosedi yo ki nesesè nan pwen pou al chèche / depoze.
- Kreye siy pou fasilman identife pwen pou al chèche / depoze. Asire siy lan tradwi nan lang anplwaye yo.
- Endike tout pwen kontak avèk enfòmasyon pou ede si ou gen kesyon ki gen rapò avèk livrezon/al chèche lè ou rive.
- Pratike distans avèk chofè livrezon an. Mete yon mask ak kote sa posib kenbe yon distans rekòmande nan omwens sis pye. Evite kontak pèsонèl pi bon.
- Anpeche travayè ak vizitè yo pou yo pa rasanble otou veykil yo, zòn estasyonman, lojman ak zòn nan fèm lan ki gen gwo trafik.

#### 3. Kreye enstriksyon spesifik (tradwi) pou livrezon ak ranmasaj ki dwe fèt nan yon sèten zòn sou fèm an e li ka bezwen asistans travayè fèm yo (egzanp. Chajman nan waf pou pwodui esansyèl yo, elevatè a-grenn, ekipman pou chaje/dechaje, elatriye).

- Bay lokasyon ak tout pwosedi ki nesesè nan pwen pou depoze/ranmase.
- Kreye siy pou fasilman identife lokasyon pou depo/ranmasaj.
- Endike tout pwen kontak yo avèk enfòmasyon kontak pou ede avèk kesyon kap kondwi nan depoze/ranmase ak lè ou rive.
- Travayè yo pa bezwen ede avèk livrezon/ranmasaj ta dwe kite zòn nan.
- Chofè ak travayè yo ta dwe pratike distans sis pye lè sa posib; mete mask; ak lave ak dezenfekte men yo souvan.
- Bay estasyon pou lave men ak dezenfektan ki toupre waf kote yap chaje ki gen anpil trafik.
- Netwaye ak dezenfekte tout sifas kontak komen yo apre chak livrezon/ranmasaj lè sa posib. Sifas ki gen kontak souvan nan lokasyon livrezon/ranmasaj anpil trafik ta dwe netwaye ak dezenfekte souvan pandan tout jounen an.
- Deziyen yon travayè pou ekipman (egzanp. Charyo elevatè) ki itilize nan lokasyon depo/ranmasaj yo.

#### 4. Anrejistre tout depo/ranmasaj ak antre sou fèm lan.

- Itilize yon jounal vizitè pou tout moun kap antre nan fèm lan.
- Kontwole vwayaj pèsонèl avèk jounal travay pèsонèl.

#### 5. Prepare travayè nan-fèm lan pou depo/ranmasaj yo.

- Asire gid pou anplwaye yo kap patisipe nan depo/ranmasaj disponib epi kominike nan lang natif natal yo.
- Enkli enstriksyon spesifik pou diminye itilizasyon ekipman pataje.
- Enkli enstriksyon spesifik pou kenbe distans sis pye kote sa aplikab.
- Enkli enstriksyon spesifik pou mete mask, lave men, netwaye ak dezenfekte sifas ki gen kontak souvan yo.
- Enfòme anplwaye yo kote yo ka jwenn etablisman pou lave men ak materyèl pou dezenfekte toupatou nan pwen kontak sou fèm nan.

#### 6. Netwaye/dezenfekte sifas kontak yo.

- Dezenfekte sifas kontak yo sou ekipman apre chak anplwaye fin itilize yo.
- Dezenfekte tout manch pòt ak manch yo, tapi, bwat depo, wou volan ak lòt sifas yo ki gen kontak souvan nan ekipman pataje souvan pandan tout jounen an.
- Dezenfekte biwo yo, twalèt ak lòt zòn komen ou antre yo pou depo/ranmasaj vizitè nan fèm ou an.

#### 7. Bay tout moun kap antre nan fèm ou an pou ranmase oswa fè livrezon avèk egzijans ak règleman ou yo.

- Gid ki atache: KONSEY SOU COVID-19: Rekòmandasyon pou Depoze ak Ranmasaj ka itilize pou rezon sa a oswa pou devlope pwòp egzijans ak règleman ou yo.



## Konsèy Sou COVID-19: LIVREZON AK RANMASAJ NAN FÈM-A-FÈM

Tout biznis esansyèl yo ta dwe swiv gid livrezon nan-Fèm ki bay livrezon ak ranmasaj pandan tout chèn apwovizyonman an.

### Pwozedi & Planifikasyon

#### 1. Kontakte lokasyon an anvan depo oswa ranmasaj.

- Mande pou pwen depo/ranmasaj ak enstriksyon pou depoze.
- Kreye yon lis kontak pou chak sit livrezon/ranmasaj.
- Pou renouvèlman nan lokasyon livrezon/ranmasaj sizoka yo te relokalize.
- Konfime gen yon siy tradwi sou pwopriyete a pou idantifye lokasyon pou depoze/ranmase.
- Si nesesè, enfòme kontak nan fèm depi depo/ranmasaj la fini.

#### 2. Anrejistre tout antre livrezon/ranmasaj sou fèm lan.

- Monitor personal travel with a personal travel log.
- Konfime livrezon an lè ou pran yon foto livrezon ki konplete sou sit la.

#### 3. Dezenfekte anvan ak apre chak livrezon.

- Mete yon mask.
- Lave veyikil andedan ak deyò chak lokasyon ak itilize yon tapi an kawotchou pou atè a.
- Dezenfekte tout soulye, tapi pou atè wou volan, manch pòt, elatriye.
- Mete ak jete gan jetab nan chak lokasyon livrezon/ranmasaj.
- Pote materyèl sanitasyon anplis pou livrezon nan sit.
  - Swiye nenpòt bwat depo ak pwen kontak nan lokasyon pou depoze.
- Lave men w avèk dlo cho ak savon pou omwen 20 segonn lè sa disponib. Itilize dezenfektan pou men sizoka estasyon pou men pa disponib.

#### 4. Evite kontak nan-fèm.

- Chofè yo ta dwe pratike distans sis pye lè sa posib; mete mask; ak lave ak dezenfekte men yo souvan.
- Evite kontak pèsònèl pi bon.

#### 5. Estasyone lwen de kay ak nan zòn gwo trafik yo pou anpeche regwoupman ak amelyore distans fizik.

- Depoze-bwat ede nan elimine veyikil yo kap antre nan zòn gwo trafik ak zòn kay yo. Lè sa yo pa disponib, limit pwopriyete ak evite paking toupre zòn ki gen gwo trafik yo kèlkeswa lè sa posib.
- Kenbe distans de lòt chofè yo nan yon pi gwo volim livrezon/ranmase chaj sou waf oswa lòt lokasyon yo.

### Resous spesifik agrikòl CDC te bay:

#### Gid Kominotè Agrikòl DCD [CDC Agricultural Community Guidance]

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/guidance-agricultural-workers.html>

#### Resous ak Zouti CDC (Plizyè Lang) [CDC Toolkit and Resources (Multiple Languages)]

[https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/heed-extra-precautions/communication-toolkit.html?deliveryName=USCDC\\_2067-DM30162](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/heed-extra-precautions/communication-toolkit.html?deliveryName=USCDC_2067-DM30162)

#### Resous Enprime CDC, Siy ak Enfografik [CDC Print Resources, Signage and Infographics]

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/communication/print-resources.html?Sort=Date%3A%3Adesc>

#### Kontwòl Lis Verifikasiyon ak Evalyasyon Anplwayè Agrikòl CDC [CDC Agricultural Employer Assessment and Control Checklist]

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/pdf/Agricultural-Employer-checklist.pdf>